


2023



SERI ENFÒMASYON POU PARAN YO
Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland:

Yon Gid Akonpayman pou

**Estrikti
Edikasyon
Altènatif**



ENTWODIKSYON

Seri Enfòmasyon pou Paran yo se yon koleksyon piblikasyon ki fèt pou sipòte fanmi yo nan sistèm sèvis edikasyon espesyal nan tout eta a nan Maryland. Avèk ti liv sa a, nou vle akeyi w nan yon kominote pwofesyonèl devwe epi gide w atravè yon pwosesis lwa federal ak eta a kreye pou soutni reyisit pitit ou a epi ede fanmi w.

TAB MATYÈ



paj 4

Kisa Estrikti Edikasyon Altènatif la ye?

paj 5

Kijan yo Detèmine si yon Timoun Elijib pou li Antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la?

paj 6

Konsantman Paran an nan Pwosesis la

paj 7

Chwa ak Enpak Apre Desizyon Konsantman yo

paj 8

Rezilta pou Elèv ki Nan Estrikti Edikasyon Altènatif la

paj 9

Yon Lis Kontwòl pou Paran yo

paj 10

Glosè Tèm yo

Pou plis enfòmasyon, vizite nou sou
www.marylandpublicschools.org



Kisa **Estrikti Edikasyon Altènatif** la ye?

Objektif edikasyon espesyal la se pou rasire tout timoun ki gen andikap ki elijib yo resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis, oswa FAPE, ki satisfè bezwen inik yo epi ki prepare yo pou plis edikasyon, travay ak lavi endepandan.

Yo atann pou tout elèv yo gen menm estanda nivo eskolè yo epi yo reponn ak atant yo, sepandan, lalwa rekonèt, yon ti gwoup elèv ki gen gwo andikap ka pa reyalize menm estanda ki aplike pou tout elèv yo, menm avèk sèvis edikasyon entansif espesyal yo.

Elèv sa yo ka bezwen ansèyman ak evalyasyon atravè estanda modifiye yo. Sa a pèmèt anplwaye lekòl yo mete aksan sou konpetans esansyèl nan nivo eskolè yo epi li pèmèt yo fè ansèyman entansif, dirèk ak pratik repete. Pandan eleman esansyèl nan ansèyman an, atravè itilizasyon Estrikti Altènatif yo, koresponn ak Maryland College and Career Ready Standards, yo modifiye yo pou elèv la kapab aprann konsèp kle yo anvan yo avanse pou ale nan pwogram nivo eskolè a. Evalyasyon Leta yo diferan tou paske yo evalye elèv yo dapre estanda nivo eskolè yo ki modifiye epi ki mwens konplèks pa rapò ak sa yo ka evalye lòt elèv yo sou yo.

”

Pwogram edikasyon [yon timoun] dwe anbisyè kòm sadwa selon sikonstans li... Objektif yo ka diferan, men chak timoun ta dwe gen chans pou yo atenn objektif ki difisil yo.”

— Andrew F. v. Lekòl Distri Konte Douglas. _ US _ (2017) [Douglas County School Dist.]



Kijan yo Detèmine si yon Timoun Elijib pou li Èske w vle antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la?

Pou li ka kalifye pou li antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la, ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pitit ou a, ou menm tou ladan, ap pran desizyon sa a chak ane. Si ekip IEP a sispèk pitit ou a ka elijib pou antre nan Estrikti Altènatif la paske li gen yon gwo andikap mantal, ekip la pral ranpli yon dokiman ki rele "Apendis A" kòm yon pati nan IEP a. Dokiman sa a kouvri pwèn sa yo:

1 Èske elèv la gen yon IEP ki gen ladan l ansèyman ki fèt espesyalman ak done pèfòmans ki montre menm avèk sipò sa yo, elèv la pa ka aprann nòm jeneral yo? AK

2 Èske elèv la gen yon gwo andikap mantal? AK

3 Èske kontni aprantisaj elèv la soti nan Estanda Maryland sou Edikasyon Siperyè ak Preparasyon pou Karyè a [Maryland College and Career Ready Standards] nan Anglè/ Lengwistik, Matematik ak Estanda Syans Pwochen Jenerasyon an [Next Generation Science Standards] koresponn ak pwogram nivo eskolè yo modifiye nan yon fason apwopriye pou elèv la fè pwogrè? AK

4 Èske elèv la bezwen ansèyman konplè, dirèk, endividyèl epi repete ak anpil sipò pou reyalize pwogrè yo ka mezire nan pwogram yo adapte epi modifiye a?





Konsantman Paran an nan Pwosesis la

Nan Maryland, konsantman separe obligatwa pou patisipasyon nan pwogram modifiye a ak lòt evalyasyon Eta yo, kidonk y ap mande paran yo siyen de (2) fwa. Toulede desizyon-patisipasyon yo nan pwogram lan ak evalyasyon - yo pran yo chak ane, nòmalmman nan reyinyon evalyasyon anyèl pitit ou a.

Paran yo ta dwe konprann sa yo se de (2) desizyon endepandan. Premye desizyon an, si pou pitit ou a patisipe nan estanda modifiye yo, jere sa pitit ou a pral aprann chak jou a. Avèk konsantman w, pitit ou a ap toujou oblije aprann "eleman esansyèl" nan estanda nivo eskolè yo, men y ap modifiye yo. (Gade egzanp ki anba a).

Dezyèm desizyon an, si pou gen konsantman ki bay pou pitit ou a patisipe nan lòt evalyasyon Eta yo, yo pran l tou chak ane.

Paran yo gen dwa anile konsantman yo pou youn oswa toulede desizyon sa yo a nenpòt ki lè. Si yon paran pa pran yon desizyon paske li pa sèten, oswa pou kèk lòt rezon, ekip IEP a ap aplike desizyon yo apre 15 jou kalandriye.

Estanda Nivo 5yèm ane

Eleman esansyèl yo ki soti nan Estanda 5yèm ane a

Eksplike relasyon oswa entèraksyon ant de (2) oswa plis moun, evènman, lide, oswa konsèp nan yon tèks istorik, syantifik oswa teknik ki baze sou enfòmasyon espesifik nan tèks la.

Konpare de (2) moun, evènman oswa lide nan yon tèks

Kesyon Esansyèl: Nan ki manyè Deklarasyon Dwa yo pwoteje sitwayen Etazini yo? Elèv la pral analize fason moun ki gen enterè diferan kontribye nan aparasyon pèspektiv federalis ak antifederalis yo;

Evalye nan ki manyè Deklarasyon Dwa Maryland lan enfluyanse deba sou ratifikasyon ant Daniel Carroll, Luther Martin ak John Francis Mercer;

Idantifye objektif ak enpòtans dis (10) premye Amanman Konstitisyon an;

Etidye nan ki manyè yo egzèse amannman yo nan tan aktyèl nan Maryland ak nasyon an.

Kesyon Esansyèl: Nan ki manyè Deklarasyon Dwa yo pwoteje sitwayen Etazini yo? Elèv yo pral li dis (10) premye amannman nan Konstitisyon Etazini an epi etidye fason yo egzèse yo nan tan aktyèl yo nan Maryland ak nan nasyon an.



Chwa ak Enpak **Apri Konsantman Paran yo**

Yon paran dwe bay konsantman pou pitit yo a antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la. Si yo di non, pitit yo ap oblije metrize pwogram jeneral la, ak estanda nivo eskolè ki pa modifye yo pandan y ap ba yo sipò ak sèvis edikasyon espesyal jan sa a endike nan IEP yo a. Yo pral evalye yo epi ba yo nòt tankou yon elèv edikasyon jeneral dapre règleman sistèm lekòl ou a. Y ap evalye yo tou ak akomodasyon ak sipò ki akseptab nan kad evalyasyon jeneral Eta a.

Konsantman separe a nesès pou pitit ou a patisipe nan estanda aprantisaj modifye yo ak lòt evalyasyon Eta yo. Pandan de (2) desizyon sa yo ka an amoni, paran yo ka chwazi bay konsantman pou youn men pa pou lòt la, pou toulede, oswa pou okenn nan yo. Menm si ekip IEP a te ranpli Apendis A a epi li te detèmine yon timoun elijib pou patisipe nan Estrikti Edikasyon Altènatif la, yon paran ka toujou deside pa bay konsantman pou yo fè sa. Lekòl la kontinye gen obligasyon pou l bay timoun nan yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE). Si lekòl la deside sèl fason pou l bay timoun nan yon FAPE se pou elèv la antre nan Estrikti Altènatif la, yo dwe jwenn aksè nan pwosesis fòmèl pou rezoud konfli atravè medyasyon ak/oswa yon odyans jistis pou rezoud konfli a. Lwa federal ak eta a egzije sa a.

Pandan y ap pran desizyon pou yo bay konsantman yo, paran yo ta dwe sonje:

- Yo pran desizyon pou patisipe a chak ane;
- Yo ka anile konsantman an a nenpòt ki lè;
- Desizyon patisipasyon an pa dikte plasman, anviwònman aprantisaj, lekòl, oswa pwogram;
- Plis timoun nan patisipe nan Estrikti Altènatif la, se mwens chans y ap genyen pou yo kapab jwenn yon diplòm; sebandan;
- Pitit ou a ka toujou eseye jwenn yon diplòm si sa a posib.



Rezilta pou Elèv ki Nan Estrikti Edikasyon Altènatif la



Yo atann pou tout elèv yo gen enstriksyon solid ki fèt pou satisfè bezwen inik yo. Antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la pa dikte okenn plasman espesifik pitit ou a. Sa yo se desizyon konplètman apa epi manda Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA, [Individuals with Disabilities Education Act]) di tout elèv yo ta dwe edike ak kamarad yo ki pa andikape yo nan tout mezi sa a posib. Manda sa a aplike egalman pou elèv ki gen gwo andikap mantal. Poutèt yo antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la pa mande pou yo edike yo nan yon pwogram, yon salklas oswa yon lekòl apa, sof si bezwen endividyèl pitit ou a mande pou yo ba yo ansèyman andeyò salklas edikasyon jeneral la.

Paran yo ta dwe konprann, depi nan lekòl primè pou pi devan, plis pitit yo a ap patisipe nan Estrikti Altènatif la, swa ansèyman nan salklas la ak evalyasyon Eta a oswa toulede, se atò l ap pi difisil pou elèv la aprann, epi pou yo evalye li nan aprantisaj estanda pwogram nivo eskolè jeneral yo ki nesèsè pou jwenn kredi epi pase evalyasyon Leta yo ki nesèsè pou jwenn diplòm yo a yon fwa yo rive nan lekòl segondè. Sepandan, okenn elèv ki nan Estrikti Edikasyon Altènatif la pa ta dwe dekouraje pou eseye jwenn diplòm yo a.

Elèv ki ka pa anmezi pou yo jwenn diplòm yo a ap resevwa yon Sètifika Fen Pwogram Maryland. Avèk gwo atant ak pwojè yo, edikasyon yo a pral prepare yo pou yon tranzisyon nan karyè ak lavi kominotè ak endepandans ak reyisit.



Yon Lis Kontwòl pou Paran yo

ÈSKE W KA REPONN "WI" POU KESYON SA YO?

Si se non, rele responsab dosye pitit ou a, administratè pitit ou a, Kowòdonatè Sipò pou Fanmi ki nan sistèm lekòl ou a, oswa ekip Sipò pou Fanmi nan Depatman Edikasyon Eta Maryland [MSDE, Maryland State Department of Education].

Estrikti Edikasyon Altènatif la

- Èske mwen konprann kijan yo detèmine si yon elèv elijib pou antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la nan Maryland?
- Èske mwen konprann dwa mwen genyen pou m bay konsantman m ak rezilta desizyon sa yo?
- Èske mwen konprann wòl mwen nan pwosesis pran desizyon an?
- Èske mwen te konnen mwen ka pataje enkyetid ak priyorite fanmi mwen an nan planifikasyon pou edikasyon pitit mwen an?
- Èske mwen konprann mwen dwe bay konsantman alekri chak ane pou pitit mwen an antre nan Estrikti Altènatif la?
- Èske mwen konprann aksyon sistèm lekòl la ka pran dapre desizyon mwen yo?
- Èske mwen konprann rezilta posib nan desizyon mwen yo konsènan patisipasyon pitit mwen an nan Estrikti Altènatif la?
- Si yo te jwenn pitit mwen an elijib pou antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif la, èske mwen konprann poukisa?



Glosè Tèm Tranzisyon nan Segondè yo

Estrikti Edikasyon Altènatif

Genyen ansèyman ak evalyasyon ki fèt pou elèv ki gen pi gwo andikap mantal yo.

Maryland College and Career Ready Standards (MCCRS)

Estanda nivo eskolè nan tout eta a ki bay atant akademik klè, bon jan kalite pou tout elèv yo.

Gwo Defisi Mantal

Yon konpilasyon done ki reflekte pwofil adaptasyon, pèfòmans, mantal, aprantisaj yon elèv.

Eleman Esansyèl yo

Nòm siksè nan nivo eskolè yo ki soti nan, epi ki koresponn ak MCCRS la, pou rasire tout elèv yo reyalize gwo rezilta akademik.

Apendis A

Fòm IEP ekip la pral ranpli chak ane pou detèmine si elèv la ranpli kondisyon pou li antre nan Estrikti Edikasyon Altènatif.

MCAP (Maryland Comprehensive Assessment Program)

Pwogram State Assessment lan ki bay edikatè, paran ak piblik la enfòmasyon sou pwogrè elèv yo nan kad aplikasyon nan Maryland College and Career Ready Standards.



DEPATMAN EDIKASYON ETA MARYLAND

Mohammed Choudhury

Sipèentandan Lekòl yo nan Eta a [State Superintendent of Schools]

Doktè Deann Collins

Sipèentandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj [Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning]

Clarence C. Crawford

Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland [President, Maryland State Board of Education]

Wes Moore

Gouvènè

© 2023 Maryland State Department of Education

Maryland State Department of Education, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal [Division of Early Intervention and Special Education Services] te devlope piblikasyon sa a ak lajan ki soti nan Depatman Ameriken pou Edikasyon [U.S. Department of Education], Sibvansyon #H393A090124A, Sibvansyon Edikasyon Espesyal pou Tibebe ak Fanmi "Fon Rekouvremant" dapre PL 105-17/111-5 Lwa sou Edikasyon Moun Andikape/Lwa Ameriken pou Rekiperasyon ak Reenvestisman [Individuals with Disabilities Education Act/American Recovery and Reinvestment Act]. The Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services se ajans k ap jere Pwogram Maryland Infants and Toddlers la, pwogram sèvis ak sipò nan tout eta a ki kowòdone pa Leta ak ajans lokal ak òganizasyon yo. Itilizatè ki kopye oswa pataje enfòmasyon ki nan piblikasyon sa a dwe site Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services, Doktè Deann Collins, Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning.



410-767-0100



www.marylandpublicschools.org



200 West Baltimore Street
Baltimore, MD 21201-2595